**दिन– रविवार** **दिनांक–13.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार मे मतदाता सूची के चलि रहल विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान के तहत बूथ स्तर के अधिकारी घर–घर जा कऽ सत्यापण कऽ रहल छथि। एहि दौरान नेपाल, बंग्लादेश आओर म्यांमार के नागरिक सभ के पैघ संख्या मे चिन्हल गेल अछि। निर्वाचन आयोग के सूत्रक अनुसार ई सभ आधार, निवास प्रमाण–पत्र, राशन कार्ड आओर आनो दस्तावेज प्राप्त करबा मे सफल रहल। आयोगक अनुसार एक अगस्त सँ तीस अगस्त धरि चलयबला जांचक बाद एहेन लोकक नाम के एहि वर्ष तीस सितंबर मे जारी होयबला मतदाता के अंतिम सूची मे शामिल नहि कयल जायत।

---

प्रदेश मे जारी मतदाता सूची के विशेष सघन पुनरीक्षण प्रक्रियाक दौरान अखन धरि लगभग अस्सी प्रतिशत सँ बेसी लोक सभ गणना प्रपत्र जमा कयलनि अछि। बिहार के मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल कहलनि जे ग्रामीण क्षेत्रक लोक सभ मे विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ बेसी उत्साह देखल जा रहल अछि। श्री गुंजियाल कहलनि जे एक अगस्त के प्रकाशित होयबला अस्थाई सूची मे नाम शामिल करेबाक लेल जे मतदाता सभ लऽग वोटरकार्ड उपलब्ध अछि हुनको सभ के दस्तावेजक संग फॉर्म जरूरी रूपें भरय पड़त। ओ कहलनि जे आवश्यक दस्तावेज नहि रहलाह पर मतदाता फिलहाल गणना प्रपत्र जमा कऽ दैथ। आवश्यक दस्तावेज जमा करबाक लेल मतदाता के तीस अगस्त धरि समय देल जायत। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी कहलनि जे मतदाता सूची के विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान के दोसर चरण मे बीस जुलाई सँ बूथ लेवल अधिकारी एक बेर फेर सँ घर–घर जा कऽ मतदाता सभ सँ गणना फार्म एकत्र करतथि। एम्हर, गणना प्रपत्र जमा करबाक लेल आइ सभ मतदान केन्द्र पर विशेष शिविरक आयोजन कयल जा रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे बेसी सँ बेसी युवा सभ के रोजगार देबाक लेल राज्यक एनडीए सरकार लगातार प्रयास कऽ रहल अछि। मुख्यमंत्री सोशल मीडिया एक्स पर पोस्ट करैत कहलनि जे हमरा खुशी भऽ रहल अछि जे राज्य मे अखन धरि दस लाख युवा

के सरकारी नोकरी आओर लगभग उनचालीस लाख लोककेँ रोजगार देल जा चुकल अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे सरकार पचास लाख सँ बेसी युवा सभ के सरकारी नोकरी आओर रोजगार देबाक लक्ष्य के निश्चित रूप सँ प्राप्त कऽ लेतथि। ओ कहलनि जे अगिला पांच वर्ष मे कौशल विकासक लेल भारतरत्न जननायक कर्पूरी ठाकुर के नाम एकटा कौशल विश्वविद्यालयक स्थापना कयल जायत ताकि राज्यक युवा सभ के कौशल विकासक नब दिशा भेटि सकत।

———————————————————————————

राजद नेता तेजस्वी यादव कहलनि जे मतदाता सूची के विशेष गहन पुनरीक्षण कार्य मे धांधलीक आरोप लगाओल गेल। नेता प्रतिपक्ष कहलनि जे दस्तावेज मे ढीलाई अनबाक सुप्रीम कोर्ट के सलाह केँ बावजूद चुनाव आयोग अखन धरि कोनहुँ औपचारिक संसोधित अधिसूचना जारी नहि कयलक अछि।

———————————————————————————

पिछला चौबसी घंटाक दौरान प्रदेश मे बेसी जगह पर मौसम शुष्क बनल रहत। मौसम विभाग कहलक जे अगिला चौबीस घंटाक अंतर्गत बंगालक खाड़ी मे एकटा क्षेत्र मे निम्न दवाबक कारणे पंद्रह आओर सोलह जुलाई धरि रोहतास, गया, औरंगाबाद, नवादा, सीतामढ़ी, मधुबनी, पूर्वी आओर पश्चिमी चंपारण मे कतेको स्थान पर भारी बरखाक येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि। एहि दौरान तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ हवा चलि सकैत अछि।

———————————————————————————

सावन केँ पहिल सोमवारी काल्हि अछि। एहि अवसर पर भागलपुर जिलाक सुल्तानगंज गंगा घाट पर डाकबम लोकनिक भीड़ जुटनाई शुरू भऽ गेल अछि। काँवड़िया सभ एक सय पचास किलोमीटर सँ बेसी के दूर तय करैत झारखंड केँ देवघर स्थित बाबा वैद्यनाथ केँ जलाभिषेक करतथि। जिला प्रशासन डाकबम सभ के प्रमाण पत्र निर्गत करबाक लेल कतेको जगह पर शिविर बनौलक अछि। ओतहि सारण जिलाक पहलेजा घाट सँ गंगाजल भरि कऽ डाक काँवड़िया हाजीपुर होयत मुजफ्फपुर स्थित बाबा गरीबनाथ मंदिर धरि जेतथि। एहि काँवड़िया सभक सुविधाक लेल वैशली जिला प्रशासन यातायात व्यवस्था मे बदलाव कयलक अछि। प्रत्यके शनि दिन भोरे छओ बजे सँ सोम दिन दूपहरिया दू बजे धरि हाजीपुर सँ मुजफ्फरपुर जायबला सभटा चारि पहिया वाहन हाजीपुर के रामाशीष चौक सँ अंजानपीर,

लालगंज, वैशाली, सरैया होयत मुजफ्फरपुर जायत। एम्हर पहिल सोमावारी के लऽकऽ प्रदेश भरि मे शिवालय मे विशेष तैयारी कयल जा रहल अछि।

---

समाप्त